

**Ou ta ka kalifye pou
plis rabè sou chofaj ak
sèvis piblik yo!**

Asistans lan depann
kantite moun ki nan fwaye w,
revni fwaye w, ak pri enèji
a pandan 12 dènye mwa yo.

Kantite Moun ki nan Kay la	Revni Maksimòm
1	\$51,777
2	\$67,709
3	\$83,641
4	\$99,573
5	\$115,504
6	\$131,436



**Ekonomize lajan
epi rete cho!**

Rele jodi a pou pran
yon randevou:
617-665-6234

Aplike sou entènèt:
**[www.cambridgema.gov/
HeatingHelp](http://www.cambridgema.gov/HeatingHelp)**



**Eskane kòd QR la pou plis
detay sou fason pou aplike**

Home Energy Assistance Program (HEAP)

Ki te rele anvan sa Fuel Assistance Program

Vil Cambridge

Department of Human Service Programs

51 Inman St. (Nivo Sousòl)

Cambridge, MA 02139



**Home Energy
Assistance
Program
(HEAP)**

Nou ka ede rezidan
Cambridge ak Somerville yo
rete cho epi ekonomize lajan
sezon ivè sa a!

Pwopriyetè kay ak lokatè
yo kalifye pou aplike!



Human
Service
Programs

Kisa li ye?

Cambridge Home Energy Assistance Program (HEAP) se yon pwogram ki jwenn finansman gouvènman federal la epi ki ede rezidan ki gen ti revni peye bòdwo chofaj yo pandan ivè. Yo te konn rele pwogram sa a Pwogram Fuel Assistance.

Kiyès ki kalifye?

Nenpòt fanmi oswa moun ki peye pou chofaj epi ki nan limit revni ki fikse yo. Lokatè ak pwopriyetè kay nan Cambridge ak Somerville ka aplike. Lokatè ki gen depans chofaj ki tou nan lwaye yo ka kalifye tou.

Kijan sa fonksyone?

Yon kay dwe ranpli yon nouvo aplikasyon chak ane epi soumèt dokiman sou idantifikasyon, revni ak chofaj. Si yon fwaye kalifye, bòdwo chofaj yo pral soumèt bay Home Energy Assistance epi anplwaye yo pral peye founisè chofaj la dirèkteman. Si yo refize yon fwaye Home Energy Assistance, yo ka fè apèl kont desizyon an.

Ki dat pwogram nan ye?

Yo aksepte aplikasyon yo apati mwa oktòb. Pwogram nan ede peye bòdwo chofaj yo apati 1ye novanm rive 30 avril. Ou ka aplike jiska 30 avril.

Kouman pou mwen aplike?

Si ou te resevwa asistans nan men pwogram nan anvan, yo te voye yon aplikasyon pa lapòs ba ou pou ou reaplike. Moun k ap aplike pou premye fwa ak moun k ap retounen aplike yo ka aplike sou entènèt tou nan **www.cambridgema.gov/HeatingHelp**.

Apre moun k ap aplike pou premye fwa yo fin ranpli aplikasyon yo a, y ap gen yon reyinyon nan telefòn oswa an pèsòn ak anplwaye Home Energy Assistance yo pou pale sou dokiman yo. Si ou gen kesyon oswa ou vle pale ak yon manm pèsònèl la, rele **617-665-6234**.

Si ou te resevwa yon aplikasyon nan lapòs, swiv enstriksyon yo, siyen aplikasyon an, epi voye l tounen ban nou nan lapòs ak dokiman ou yo. Ou kapab depoze l tou nan biwo nou an nan 51 Inman St. Si ou pa voye aplikasyon an tounen, ou p ap kalifye pou Home Energy Assistance.

Ijans pou Pa Gen Chofaj

Si ou pa gen chofaj, ou te resevwa yon avi nan 72 èdtan chofaj ap koupe, oswa ou gen mwens pase 1/8 nan yon tank gaz, rele nou nan **617-665-6234** pou asistans menm jou a. Ou dwe gen yon aplikasyon konplè ki kalifye nan dosye nou yo pou ou ka jwenn sèvis ijans yo.

Lòt Avantaj yo

Ou ka kalifye tou pou:

- Rabè sou bòdwo gaz ak elektrisite ou yo
- Amelyorasyon rezistans kont move tan
- Pwogram HEARTWAP la (asistans finansye pou repare oswa ranplase sistèm chofaj ou a)

Anplwaye Home Energy Assistance yo ka konekte w pou ou jwenn avantaj sa yo!

**Rele jodi a pou pran
yon randevou:
617-665-6234**

**Aplike sou entènèt:
[www.cambridgema.gov/
HeatingHelp](http://www.cambridgema.gov/HeatingHelp)**